Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 28 (98933) 23 июль 2021 с. /Рузман 13 Зуль-хIиджа 1442 с./ багъа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru




**Уважаемые жители Казбековского района!**

Искренне поздравляю вас с государственным праздником – Днем Конституции Республики Дагестан!

День Конституции Республики Дагестан – это наш государственный праздник, призванный объединять всех дагестанцев независимо от национальности, вероисповедания и социального происхождения, символизирующий многовековые традиции сплочения всего народа во имя достижения великих целей.

Ежедневным созидательным трудом мы вносим свой малый вклад в соблюдение принципов, провозглашенных в Конституции, в решение задач по сохранению и приумножению национального достояния, динамичному развитию экономики, социальной и культурной сферы нашей республики, укреплению мира и стабильности в обществе.

От всей души желаю вам мира и добра, счастья и здоровья, благополучия и достатка! Пусть этот праздник придаст вам новые силы в достижении поставленных целей.

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г.МУСАЕВ**
**Председатель Собрания депутатов района Г.М .ГИРИСХАНОВ**

Сердечно поздравляю вас с национальным праздником — Днем Конституции Республики Дагестан. Конституция РД была и остается надежным гарантом прав и свобод граждан, главным правовым документом, закрепившим важнейшие принципы общественной жизни республики, создавшим прочную политико¬правовую основу для формирования нашей государственности в рамках Российской Федерации.

Желаю всем жителям района чистых помыслов, созидательного труда, счастья и благополучия, больших успехов во имя процветания и развития нашего родного края, Республики Дагестан и всей Российской Федерации!

**Депутат НС РД М-п.(К.-п.)Д. УМАХАНОВ**

## Дагъистан ва Чуваш республикаязда гьоркьоб вацлъиялъулаб гьудуллъи



«Казбек район» муниципалияб гIуцIиялъул администрациялда 21 июлалда районалъул бетIер ХI. Мусаев дандчIвана Чуваш республикаялъул бетIерасул кумекчи И. Филипповгун. ДандчIваялда гьоркьоб лъун букIана нилъер ва Чувашиялъул Шумерлин районазул вацлъиялъулаб гьудуллъи чIезабиялъе къотIи гьаби.

- Гьаб къотIиялъул кIудияб кIвар буго нилъер ва Чуваш республикаял церетIеялъе ва гIолеб гIелалъе партиотикияб тарбия кьеялъе.

Жеги 1970-абилеб соналда ккараб ракьбагъариялдасаго лъала нилъер халкъазул лъикIаб гьоркьоблъи. ЗахIматчагIазул рукъзазе кIудияб зарал ккана гьеб заманалда. Гьел цIигьаризе ва къачIазе кумек гьабуна Чувашиялдаса бакIал ралезул бригадабаз. Дилим росулъ гьезул къуваталдалъун бана «Чуваш» микрорайон. Гьаб къотIиялъ нилъер халкъал дагьалги цолъизарила, - ян абуна ХI.Мусаевас.

ХI.Мусаевасе И.Филипповас Чуваш республикаялъул нухмалъулезул салам бицана ва нилъер районалъул вакилзаби гьоболлъухъ рачIине бокьилаанин абуна.

# Горенжоялда кIудияб тадбир



ТIабигIат берцинаб гIажаибаб ракь буго нилъер. Гьездаса цояб Горенжо хIорги. ЦIакъ бечедаб буго гьелъул тарих, гьениб хурдузул ва рухIчIаголъиялъул гIумру. МухIканго гьеб лъазабизе тIадбосана Дагъистан Республикаялъул «ЛъагIалил мугIалим» абураб жамгIиябгIияб гIуцIиялъ (хадуб клуб). Клубалде гьоркьоре уна Дагъистаналъул 22ялдаса цIикIкIарав лъикIаздаса лъикIал мугIалимзаби: нилъер районалдаса Дилим росулъ бугеб гимназиялъул мугIалимзаби Н.В.Гъачалаева ва ХI.Гъ.Билалова. Районалъулаб администрациялъул, лъайкьеялъул Управлениялъул, ва гимназиялъул директор З.С.Темирбулатовалъул кумекалдалъун клубалъул гIахьалчагIаз рагIалде бахъинабуна лъайкьеялъул рахъалъ Россиялъул Федерациялъул Президентасул Гранталъе мустахIикълъараб республикаялда тIоцебесеб «ТIабигIат цIуниялъул ва гьеб лъаялъул проект».

Гьаб соналъул 17 июлалда проект рагьулеб тадбир тIобит1ана Горенжо хIорил рагIаллъиялда.



Гьелъие багIараб лента къотIизе изну кьуна лъайкьеялъул ва гIелмабазул министерасул заместитель Абидов МухIамадие, районалъул бетIерасул заместитель И.И.Шабазовасе ва проекталъе нухмалъулей, «ЛъагIалил мугIалим» клубалъул учредитель Э.Сайпуевалъе.

Хадур кIалъазе рахъараз гьеб проекталъул жакъа къоялда районалъул тIолалго цIалдохъабазе бугеб кIваралъул бицана. Проекталъул мурадги буго нилъер ракь лъазабиялъулаб кластер рагьи. Гьенир тIоритIизе бегьула класстункъватIисел тIабигIат лъаялъул дарсал. Гьелъие хIорихъ гIуцIун руго хIажатал шартIал. Клубалъул гIахьалчагIаз басмаялда рахъана гьединал дарсазе кумекалъе разработкаби, цIалул тIахьал ва хIалтIул тетрадал. Гьединго бихьизабуна лъималазе гIуцIараб хIай «Тритон борчIизе биччаге» абураб. (Тритон – лъельги ракъдадаги букIунеб рачIхалатаб рухIчIаголъи).



КIалъаязда хадуб клубалъулаз хIорил рагIаллъудасан экскурсия гьабуна ва проекталъул жиб-жиб бутIаялъул жавабияс мухIканго бицана кинаб лъай цIалдохъабазе гьениб щвезе бугебали.

Тадбиралъул ахиралда гьалбазул ракIал рохизаруна Дилималда бугеб ЦТКНРалъул хIалтIухъабазул церерахъиналъ.

ТIолалго гIахьалчагIазе районалъул спорткомитеталъул хIаракаталда гIуцIун букIана хIорил рагIаллъабазда рижарал пайдаял хурдузул чай ва тIагIамаб плов.

Хадуб гьалбал ахIана Сулахъалъул каньоналъул берцинлъиялъул лазат босизе «Ицц» КФХялде сапар гьабизе.

**Д.БАТИЕВА**

**Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула**

*гъум. 2* ГIумруялъул захIмалъабазе къуркьичIо
*гъум.3* Лъималазул гьумер
*гъум.4* Росдал магIишатазе гIарцулаб кумек

## Сведения
## об исполнении бюджета МР "Казбековский район"по доходам и расходам за 2 квартал 2021 года

### Доходы

| Наименование доходов | назначено на год (тыс.) руб. | исполнено за 2кв. (тыс.) руб. |
|---|---|---|
| 1. Налоги на прибыль (подоход.налог) | 84320,0 | 41844,0 |
| 2. Налоги на совокупный доход | 6451.0 | 6198.0 |
| 3. Акцизы | 18797.0 | 8843,0 |
| 4. Государственная пошлина | 910,0 | 717.0 |
| 5. Неналоговые платежи | 12884,0 | 5376,0 |
| 6. Дотация бюджетам мун. района | 177770,0 | 103423,0 |
| 7. Субсидии бюджетам мун. рйона | 56574,0 | 18354,0 |
| 8. Субвенции бюджетам мун. района | 615133,0 | 359185,0 |
| 9. Доходы бюджета мун.района от возврата субвенций имеющих целевое назначение | 0,0 | 0,0 |
| 10. Иные межбюджетные трансферты | 0,0 | 0,0 |
| 11. Поступления, предоставляемых негосударственными организациями получателям средств бюджетов муниципальных районов | 420.0 | 420.0 |
| 12. Возврат остатков субсидий и субвенций в республиканский бюджет имеющих целевое назначение | | -1942.0 |
| **Итого доходы бюджета** | **973259,0** | **542418,0** |

### Расходы

| Наименование расходов | назначено на год (тыс.) руб. | исполнено за 2кв. (тыс.) руб. |
|---|---|---|
| 1. Общегосударственные вопросы | 70465,0 | 34915,0 |
| 2. Национальная оборона | 1926,0 | 963,0 |
| 3. Национальная безопастность и правоохранительные органы | 2760,0 | 1363.0 |
| 4. Национальная экономика | 39223.0 | 8645.0 |
| 5. Жилищно- коммунальное хозяйство | 4150.0 | 1177,0 |
| 6. Образование | 787780,0 | 429213,0 |
| 7. Культура, кинематография | 15043,0 | 7233,0 |
| 8. Социальная политика | 7888,0 | 3024.0 |
| 9. Физическая культура и спорт | 6188,0 | 243.0 |
| 10. Средства массовой информации | 6150,0 | 3218.0 |
| 11. Безвозмездные перечисления бюджетам поселений | 79287,0 | 48457,0 |
| **Итого расходы бюджета** | **1020860,0** | **538451,0** |

| Расходы на содержание органов местного самоуправления МР "Казбековский район" за 2кв.2021 года | |
|---|---|
| план на 2021 год (тыс.) | исполнено за 2 кв. 2021 года (тыс.) |
| 30010,0 | 16020,0 |

| Количество штатных единиц органов местного самоуправления | |
|---|---|
| план на 2021 год | исполнено за 2кв.2021 года |

*Инсан ва гIумру*

# ЦеветIурав механизатор



Механизаторасул махщел ккола росабалъ гьарулел хIалтIабазул захIматазул цояблъун. **«Дилим»** совхозалда хIалтIулел рукIана унго-унголъун жидерго хIалтIи бокьулел механизаторал. Гьезул цояв ккола Дилималдаса бажари бугев механизатор Гъамиев Гъами. Гъамие гьитIинаб къоялдасаго бокьулаан техника.

1969 соналъ росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, цIализе лъугьана Хасавюрт шагьаралъул № 6 СПТУялде ва гьениб щвана механизаторасул махщел.

ЗахIматалъул нухде байбихьана 1970 соналда МРО **«Сельхозтехника»**-ялде механизаторлъун. 1971 соналъ Гъами витIула Бабаюрт районалъул **«Татаюрт»** совхозалде пиринчI гIезабиялъе чекал хIадур гьаризе.

Гьениб хIалтIи гьабулеб букIана тIолабго Дагъистаналдаса 200-ялдаса цIикIкIарав механизаторас. Гьениб щвана Гъамие тIоцебесеб захIматалъул лъадари. Скрепералда хIалтIулаго, гьес 2-3 къойил норма тIубазабулаан. Чекал хIадур гьариялъулъ щварал тIадегIанал хIасилазухъ Гъами мустахIикълъана Бабаюрт районалъул нухмалъулезул ХIурматалъул грамотаялъе.

1972 соналдаса байбихьана Гъамица **«Дилим»** совхозалда механизаторлъун хIалтIизе. Абизе бегьула гьев хIалтIичIеб тракторазул марка хутIичIин. Ахирисеб 13 соналъ Гъами (К-700) маркаялъул тракторалда хIалтIана.

ЗахIматаб буго механизаторасул хIалтIи. Их байбихьаралдаса, кватIараб хасалихълъи щвезегIан, гьезул хIалуцараб хIалтIи букIуна. Гьезул ракIбацIцIалъиялда бараб буго киналниги хIалтIаби гьари.

Жиб-жиб соналъ Гъами К-700 тракторалда хIалтIана хьонал хьаялде ракь хIадур гьабиялда тIад. ***«Хьон ракьулъе ккезабизе гIемераб заман къваригIунаро, кинаб бакIалде хьон ккелебали буго цIакъ кIвар бугеб суал»,***- ан бицана Гъамица гара - чIвариялда.

Механизаторасул хIалтIул хIасил бихьула хаслихъе, тIорщел бакIарун лъугIараб мехалда. Гьенибги Гъамил хIалтIул лъикIал хIасилал рукIана. ТIалаб бугев механизатор Гъамица кидаго хал кколаан жиндихъ бугеб техника дурусго хIалтIулеб букIиналъе. Гьесда лъикI лъалаан жиб-жиб хур, гьениса бачIине бегьулеб тIорщалил къадар. РакI разияв Гъамица кидаго ишалъулал малъияздалъун кумек гьабулаан совхозалъул цогидал механизаторазе.

РакIбацIцIадаб хIалтIухъ, 1984 соналъ Гъами мустахIикълъана ***«БахIарчияб захIматалъухъ»*** медалалъе. Гьединго Гъами кIодо гьавуна РСФСРалъул, Дагъистаналъул, Казбек районалъул нухмалъулезул ХIурматалъул грамотабаздалъун, цо чанго нухалъ Гъамие кьуна **«Дилим»** совхозалъул нухмалъулезул рахъалдасан гIарцулал сайгъаталги. 2006 соналдаса гьев ккола захIматалъул ветеран. Сахлъи гьечIолъиялъ гьев 2005 соналда мустахIикъаб хIалхьиялде ана.

Гъамица ва лъади Айсаратица, тарбия кьун, гIезаруна 6 яс ва 1 вас. Гъами лъабго нухалъ хIежалдеги ана. Сабурал, захIмат бокьулел Гъамиевазул хъизаналъул адаб-хIурмат гьабула росуцояз.

Дица тамашалъи гьабуна Гъамихъ батараб цоги махщалида. Гьес нахулал релъеназ ххамида рахъулел ругоан тIабигIияб берцинлъиялъул суратал ва гьел гьудул-гьалмагълъиялъе сайигъат гьарула.

***И. ИДРИСОВ***

# ГIумруялъул захIмалъабазе къуркьичIо

***ЧIужугIадан, мун дий балъголъи йиго,***
***Гьеб жаниб бахчараб гъамаслъун йиго.***
***Дун хIикмат гьавулей, хIайран***
***гьавулей,***
***Къуват кодоб бугей, хIурулгIин йиго.***

***ЗахIмалъаби дуца къезе гьарула,***
***Къварилъаби дуца, къвал бан, рахчула.***
***Дунялалъул яхIги гIумрудул нухги***
***Дуца намус бацIцIад, цIунун букIуна.***

**МухIамад БАЗАЕВ**



Кидаго чIаголъиялда ва баракаталда букIуна Дилим росулъа Закарьяева Пайнусатил рукъ. Гьеб кидаго цIун букIуна лъималазулги, лъималазул лъималазулги, тIаде рачIарал гьалбазулги. Жакъасеб эркенаб ва талихIаб гIумруялъе гIоло, гьей хIалтIана 16 сон гIумрудул баралдаса.

Закарьяева Пайнусат Насибовна гьаюна 1957 соналъ Дилим росулъ, гIадатияб хъизаналда.

1972 соналъ лъугIана гьелъ гIагараб росдал гьоркьохъеб школалъул 9 класс ва, гьоркьоб заман инчIого, хIалтIизе байбихьана **«Дилим»** совхозалда дояркалъун.

Умумузул аби буго: **«Метер гьабилин хIалтIиги тоге, регIараб мехалъ гьабилин гIаданлъиги тоге»**,-ян абураб. Гьеб ахIиялда гъоркь гIумру гьабуна Пайнусатица.

РакIбацIцIадго, жиндир заманалда ва жавабчилъиялда хIалтIи тIубай тIалаб гьабулаан тIадтаразги. ЦIакъ захIматго букIана Пайнусатие, жиндирго хъизан гIуцIун хадусан, хIалтIиги магIишат-яшавги цадахъ бачине.

***«Сордо-къоялда жаниб 3-4 нухалда щвезе кколаан хIалтIуде. БукIинчIо гIодобкъоги. Гьелде тIадеги, гьоркьоб баккараб заманалда екерулаан хурзал гьаризе. Гьеб заманалда хIалтIуларев чи, къанагIат гурони, вукIунароан. КIудияб хъизанги, гIун рачIунел лъималги, цIикIкIунел гьезул тIалабазги рес букIинчIо хIалтIи тезе. ГIемерисел сардал унаан, макьу гьабичIого. Гьаб заман, рецц Аллагьасе, квешаб гьечIо. Квинеги ретIинеги бокьа-бокьараб буго, амма гIадамазул цоцаздехунисеб бербалагьи, цоцазул рахъкквей чучлъун буго. Щиб лъалеб? Заманалдасан хисизеги бегьула***»,-ян бицана Пайнусатица дунгун ккараб гара-чIвариялда.

РакIбацIцIадаб хIалтIухъ Пайнусат цо чанго нухалда мустахIикълъана ХIурматалъул грамотабазе, Баркалаялъул кагътазе ва къиматал сайигъа- тазе.

КигIан гIумруялда жанир захIмалъаби дандчIваниги, Пайнусатица бигьаяб нух тIаса бищичIо, гьелъ совхозги боцIиги течIо. ГьабсагIаталдаги, кIудияб хIурматалда, рехсола гьелъ цадахъ хIалтIаразул цIарал. ЛъикIай хIалтIухъан гурейги, Пайнусат цадахъ хIалтIарада, гIагарлъиялда ва мадугьалзабазда лъала гIадамалгун рагIи рекъезабун бажарулей, гьимун гурони, чиясде кIалъаларей ва къо ккаралъуй хIалае ятулей инсанлъун.

***«Инсанасулъ бищунго къиматал хасиятаздасан ккола яхI-намус, гурхIел ва гIаданлъи цIуни. Гьел хасиятал жиндир гIамалалъулъ ругев чи дунялалдаги ахираталдаги талихIав вукIинилан ккола дида»***,-ян абуна гьелъ.

Пайнусатица гIумрудул гьудул Сулаймангун цадахъ гIезабуна 7 лъимер: 2 яс ва 5 вас. Гьаб дунялалда умумузе бищунго захIматаб иш ккола лъималазул рухIел бихьи. Гьединаб къварилъи бачIана Пайнусатил хъизаналдеги 2009 соналъ.

ГIумрудул бищунго гьайбатаб гIужалда гIумруялдаса ватIалъана гьезул вас ХIажи. Кин букIаниги, Пайнусатида бажарана сабруялда, къисматалъул согIал сухъмахъазда дандчIварал захIмалъаби къезаризе. Гьей кIвахIтун, рухIалда барахщичIого, хIалтIана хъизаналъул лъикIаб ва талихIаб букIинеселъе гIоло.

***Асият ДИБИРОВА***

# ЛЪИМАЛАЗУЛ ГЬУМЕР

## *Мискинчиясе ханасул яс ячараб куц*

**(Маргьа)**



Цо росулъ вукIун вуго бечедав хан. Гьесул йикIун йиго къватIие яхъани бакъул нур свинабулей гIадай берцинай яс.

ГьелъухЪ рокьи ккун буго цогидаб росулъ вукIарав мискинлъиялъ рукъалда къоно гурони байчIев цо чиясул васасул. Гьезул бугеб жого букIун буго азбарго хIебтIарал цо хIелекоги кIиго гIанкIуги.

Инсуца гIемер гьаранила васасда, нилъее ханас гьей ясги кьоларин киданиги, дуца гьел дурго хьулалги жалго тейин, нилъерго росулъа цо нилъедаго рекъарай гIадай ясги ячинин дуеян. Васас гьеб кинго гIадахъ босулеб букIинчIила, ккараб рокьуца унти ккун, тIадго виун унев вукIанила. Щибаб къойил гьев вачIунев вукIун вуго гьей яс йигеб росулъе, гордухъан яккунгIаги йихьиларода-ян, къо бакъинегIан гьелъухъ халги ккун, сардилъ рокъове тIад вуссунев вукIун вуго.

Гьедин гIемер мех бахъун буго. Кинго васасе гьей яс гьаризе чи витIизе эменги хIинкъун вуго, яс кьейин абун асклоре къаралъухъго, ханас гIакъуба кьун, инжит гьарилин жалгоян.

Цо пуланаб къоялъ гьеб росулье вачIун вуго цо гьардухъан гъажалде хулжалги рехун. Гьев щун вуго гьав мискинчиясул кIалтIеги. ГьардухъанаСе кьезе жоги букIинчIого, инсуца вортун ккезе щвараб кIиго гIанкIудал цояб кьун буго гьесие. Гьардухъанас гIанкIу гьеб лахIзаталъго биччан тун буго, мун дидасаги мискинав вихьулинги абун. ГIодор чIун кIалъалел рукIаго, инсуца бицун буго бугеб ахIвал-хIал, вас вугин жиндир рокьуца унтарав, гьев сахлъилин хьулги гьечIин, ханас гьесие ясги кьелищинхаян кIалъан вуго.

Гьардухъанас абун буго, жив инин гьев ханасда асклове гьесул яс дур васасе гьаризеян. Мискинчиги тамашалъи гьабун хутIун вуго, мун гьаглъунищин, гьес мун рокъовеяли киса гурин, асклове къазецин толаревин, дудаго тIаде балагь цIагейин кIалъан вуго. Гурин, дун инин абун, гьардухъан къватIие вахъанила.

Унаго нухда гьасда цо лъикI ретIел-хьит ретIарав чи дандчIванила, гьаранила гьесда метер радаллъизегIан ретIел хисизе бегьиларищин. Гьевги разилъун, ретIун ретIелгун, вагьаранила ханасухъе.

Щванила гьардухъан ханасул кIалгIабахъе. Салам кьун, гIодор чIанила, щиб дур мурадан цIеханила. Гьардухъанас абунила жив вугин пуланав ханас витIарав чи дур ясги йихьун, дир гьелда ракIги разилъани, гьес жиндирго васасе кьезе дуда гьареян абун. Васги вугин гьесул нахулъ лъедолев гIадав, тIад дунялалда тункулев гIадав, цо щунусго гIиги бугони, цо 50 чу-хьваниги бугони, гьелдего бачIараб гIака-бечеги, цогидабги бугони, лъикIал хъахIал рукъзалги ругони, гьездаго рекъараб къайи-цIаги жаниб бугони, нилъер лъималазул гIумрудул иш квеш ккеларилан кIалъанила.

Ханас ахIун ячIарай яс гьардухъанаСе рекIее гIунила. Ячун лъикIин жидер ханасул васасе гьайилан разилъанила. Ханас ясги кьунила, гьейги ячун, цадахъ ханас кьураб бечелъигун, къайи-матахIгун гьардухъанги анила.

Цо лъагIалил кIал цоцаде свераараб гIадаб мехалъ, гьав ханасда ракIалде кканила жиндирго ясалъул ахIвал-хIал щибдай бугоян гьезухъе ваккизе ине. Вилълъанила, щванила гьезухъе. РакьалдагIаги гIи - хьвани букIараб бакIцинги гьечIила, лъикI цIад бани, бихьулеб гIадаб, нахъа хIубал чIван, рихххичIого чIезарурал къадазул бокь лъаларила, рукъ лъаларила цо минаги бугила, азбаралъур цо хIелекоги, кIиго гIанкIуги гуреб жоги гьечIила, кIиго микки гIадин, рагьдаги гIодор чIун, гьасул ясги гьелъул росги ратанила. Квеш щцин бахъарав ханас ахIун вачIанила яс гьаризе гьасда асклове вачIун вукIарав гьардухъан. ТIаде вортун гьев чIвачIого теларин лъугьанила, дуца жив махсароде щай ккуравин семанила.

-Дица мун кингIаги гуккичIо,- ян абунила гьардухъанас,- дида кинаб букIаниги гIайибги гьечIо, дица дуда абуна бугониян, ракIалдеги ккун букIана, мун рахIму бугев, гIакъилав чиги вугелъул, дица абурабщинаб жо дуца кьелебин цIияб хъизаналъе.

Гьабизе жо тIагIарав хан угьранила, росасухъа ятIа гьаюн жиндирго яс рокъое ячинеги бокьун букIинчIила. ХIукму гьабунила, гIадамаздаса жиндирго гьардухъанасулалдаса гIодобе ккараб гIакълу-лъайги бахчун, ясалъеги гьелъул росасеги гьардухъанас рикIкIарабщинаб бечелъиги кьун, гьезие лъикIал хъулбиги разе.

## *Берцинлъи лъималазул!*

**Берцинлъи дунялалъул,**
**Дун йижараб ракьалъул,**
**Ракьалъе хинлъи кьолеб**
**Кьер меседил бакъалъул.**

**Берцинлъи тIегь-**
**гьветIалъул,**
**Гъваридал ралъадазул,**
**Ралъдада тIад лъедолел**
**Куркьбал хъахIал**
**хIанчIазул.**

**Берцинлъи гIадамазул,**
**ГIанчIаб заманаялъул,**
**Заманаялъе къурал**
**ГIумрудул лахIзатазул.**

**Берцинлъи гьал васазул!**
**Берцинлъи гьал ясазул!**
**Берцинлъи «Берцинлъи»,**
**-ян**
**Абураб рагIиялъул!**

***Париза ГЕРЕЕВА***

## *Къаси телевизоралъ*

**Къаси телевизоралъ**
**Билал вихьизавуна,**
**Дун гьесухъ валагьана,**
**Гьимулаго абуна:**
**- Билалий щибаб къойил**
**Щола цо-цо кIийилаб,**
**КIухIалав гьав кин тарав**
**Телекалда вихьизе?**
**Дир кIудиги кIалъана:**
**- Лъаларо гьесул цIали,**
**ЦIогьорас гIадин, дир чу**
**Бачуна дос рекIине.**
**Цинги диктор кIалъана:**
**- Баркала, Билал, дуе,**
**ГIурулъе ккарав Камал,**
**Квер ккун, къватIив**
**цIаралъухъ.**
**- Лъалхъе, - ян лъугьана дун,**
**- Лъала, Билал, дир гьудул,**
**ГьевгIан бахIарчияв вас**
**Росулъ цоиги гьечIо.**
**Гьеб хабар хIажат гьечIин,**
**Херас дун чIезавуна:**
**- Досул эменги дунги**
**Гьудулзаби рукIана.**

***Нурадин ЮСУПОВ***

## *Кьоге дие каметал*

***Бабаца гьукъаниги,***
***КIодоца бахчаниги,***
***Бахчаралъуса босун,***
***Кванала дица чакар.***

***Гьуинлъи гIемер квани,***
***ГIусал-цаби унтулин,***
***Инсул гIакълуги кIочон,***
***Куна дица конфетал.***

***Сардилъ гIусалги унтун,***
***Подана рогьинегIан.***
***Гьанже лъана конфетал***
***Квине бегьулареблъи.***

***ТIокIаб гьуинлъи кьеян***
***Гьарделаро бабада,***
***Долъ кьуниги, конфетал***
***Кодоре росиларо.***

## *БацIги гъотIоркIоги*



Вехьасул рехъалъеги кIанцIун, кIудияб тIасабищун куйги бачун, бецIаб рохь къотIун, тIурулеб букIанила бацI. Циндаго цо гъотIода кIетIолеб сас рагIанила гьелда. Чанахъан ватизе бегьулинги ккун, куйги биччан тун, бухъизабунила хъачагъалъ. ТункIил гулла гIунтIулареб бакIалде щведал, свакараб хъумур лъалхъанила ва нахъе балагьанила. ГьечIила вихьулелъув чиги чанахъанасул махIгицин. КIетIолеб жоги гъотIоркIо бугила гъотIол макърида гъоркь хIапараби ралагьулеб. Ццин бахъараб бацIица гъотIоркIоялда рогьо банила: **«Гозо буцIизегIан цIуладаги кIетIолеб, цIулал устарлъунги лъугьунареб»,** - ан. РагIанила гьеб гъотIоркIоялда ва жаваб кьунила: **«Гажал рортизегIан цIогьоданиги, цIцIани-гIиязул рехъен гьечIеб гьардухъан»,** - ан.

## *Кинидахъ кучIдул*



### Васазе ахIулел

***Берал берцин цидул тIинчI, цаби гIисин гIанкIил тIинчI,***
***ГIундул къокъаб бацIил тIинчI, хехлъи гьабун кIудав гIей!***
***Месед цIунулеб кIуни, кIулал рахалеб гьамас,***
***Гьансиниб лъолеб сагIат, санкIиниб лъолеб гIарац.***

### Ясазе ахIулел

***Эгьегун гьал бащадай Гьунисезул меседо,***
***Гьалгун габур бащадай КIикIундерил сурахIи.***
***Биараб гIарцул тIурай, ПартIул ролъул гьаюрай,***
***Меседкунал гIомо гьай, гIарцукунал чалу гьай,***

***Дагьабго гьими***

### *Тарихалъул дарсида*

Пашманго школалдаса вуссарав васасда эбелалъ гьикъана: - Жакъаги тарихалъул дарсида кIийилаб ккун рагIулагури дуе. Гьедин бегьилищ, дир вас? – ан.

- Дида гIайиб щиб, баба, дун гьавилалдего ккараб жо бицине учителас тIамураб мехалъ, - ан жаваб кьуна васас.

### *Рахьдал мацIалъул дарсида*

Дица гьумер-кIал чурана. Дос гьумер чурулеб буго. Дуца гьумер чуризе буго, - ян лъабго предложение доскаялда хъвана учителас.

- Кинаб заман щибаб предложениялъ бихьизабулеб бугеб? – ан лъималаздехун вуссана гьев.

- ГьатIан къо батила гьениб, - ан абуна, анкьида жаниб цо нухалъ гурони, гьумер-кIал чуруларев васас.

## *Абиял*

1. Жеги раса-цIалкIу магIида.
2. РетIел цIияб лъикI, гьудул басрияв лъикI.
3. Балагь букIуна бачарабги бачIарабги.
4. Гуллида гIанкI речIчIун буго.
5. Гьерсил рачI къокъаб жо.
6. БахIарчияс бадибе абула, хIалихьат нахъасан кIалъала.
7. БахIарчи къалда хола, хIалихьат боснов хола.
8. Къуларасе - раччи, баччарасе – магь.
9. Гьадидаса тIинчI лумияб.
10. Гьари рекъараб, бикьи сурараб.
11. БицанагIан рагIи, бухъанагIан ракь.
12. ГьабигьанаСул чед кIудияб , чанахъанасул гьан кIудияб.

(***Гьумер хIадур гьабуна А. ДИБИРОВАЛЪ***)

*25 июль - Рагъулабгун - ралъдалаб флоталъул Къо*

# Лейтенант Батиев



Июлалъул тIарамагъадисеб гьатIаналъ, ай 25 къоялъ, 325 - абилеб нухалъ нилъер пачалихъалда кIодо гьабизе буго Рагъулабгун ралъдалаб Флоталъул байрам. Гьелда бан, улкаялъул киналниги флотазда тIоритIула ралъдал рагъулал къуватазул парад.

Исана гьединаб парадалда гIахьаллъи зе хIадурлъулев вуго нилъер районалъул Дилим росулъа рагъулав офицер Зуркъанай Батиев. ЦIакъ къва- кIараб ракIалъул гIолилав гьитIинаб мехалдасаго вукIунаан ралъдал анищазда. ЧIобогояб бак1алда бижарабги гуро Зуркъа найил анищ. Гьесул эбелалъул вац, Аюб Дадаев, ккола Каспиялъул флотилиялъул рагъулаб «Дагъистан» гамаялъул 2-абилеб рангалъул капитан. Амма цIалиялъулъ, гIумруялъул масъалаби церелъеялъулъ, малъи ва рахъкквей гуреб, жинцаго тIадросун Зуркъанайил суалал гьес тIурачIо. «Рагъулав офицерлъун ва- хъине бокьарав чиясда гIумруялъул киналниги захIмалъабазде данде, лъилниги кумек гьечIого, къеркьезе, мурададзе щвезе чIванкъотIараб нух балагьизе, жиндаго бажаризе ккола», - ян лъазабуна Аюбица.

Абураб рагIудаса имгIал тарулареблъи Зуркъанайида бичIчIана. Гьединлъидал, кигIан эбелалъе цохIого вугев вас рагъулаб хъулухъалде витIизе бокьичIониги, гIолилас хIаракат бахъана эбел мукIур гьабизе. 2015-абилеб соналда Дилим росдал лицейги лъугIизабун, тIадегIанаб лъай босизе, Зуркъанай лъугьана Санкт – Петербургалъул рагъулабгун-ралъдал институталъул ралъдада тIад лъедолезул факультеталде. Гьениб щугосонилаб болжалалда Батиевас живго вихьизавуна ритIухъав, бажари бугев, цIодорав ва гIакъилав курсантлъун. Гьес гIахьаллъи гьабуна Санкт – Петербургалда 9 маялда, ВМФ алъул къоялде тIоритIулел парадазда. МустахIикъаб къагIидаялда институталъул цIар борхизабуна батIи-батIиял спорталъулал къецазда.

Рагъулав офицерасул махщалилаб нух Зуркъанай Батиевас байбихьана бищунго къиматаб, кIудияб, рикIкIадаб Тихий океаналъул ралъдалаб флотилиялда лейтенантасул чиналда. Гьенив гьев тIамуна минабазулгун - торпедобазул ва артиллериялъул рагъулаб бутIаялъул инженерлъун цIияб гучаб «Яков Баляев» гамида.

Жиндир гIумрудул 23 соналда жаниб 3 океаналъул ва чанго ралъдал «хIалбихьарав» лейтенант Батиевас жиндирго гама хIадурулеб буго ВМФалъул Къоялде. Нилъеда жеги рагIила гьев гIаданлъи бергьарав, намус тIокIав, рикIкIад вугониги, Аллагьасул нухдаса таричIев, Дилималдаса гIолиласул цIар.

**Д. БАТИЕВА**

# Чангъал роодаго хIадурани лъикI буго



Севериял электросетазул объектазда тIадран унел руго ремонталъул хIалтIаби. Басралъарал хIубазул бакIалда цIиял эхетун, жагъалал электрикалъул тулдул къачIан, жеги гIисинал подстанциябазул хал гьабун - хIалуцараб хIалтIи буго гьабсагIаталда электриказул.

«Исана нижее цIакъ лъикIаб гIарцулаб кумек щвана. Гьединлъидал тIасияб сонaлдаги хIисабалде босун буго цо-цо росабазул жанисеб электрикияб кабель хисизе. ГьабсагIаталда гьеб хIалтIи унеб буго Буртунай росулъ. Исанисеб хIалтIийин абуни, октябрь моцIалде рагIалде бахъинабизе ракIалда буго», - ян бицана Севериял Электросетазул начальник МухIамадов Рашидица.

# 32 - абилел Олимпиадаялъул ХIаял




23 июлалда Япониялъул тахшагьар Токиоялда байбихьулеб буго 32-абилел Олимпиадаялъул ХIаязде.

ЦIакъ захIматаб хIал буго Японялда короновирусалъул рахъалъ. Гьединлъидал хIаязда балагьаразул къадар кIванагIан дагь гьабулеб буго. Гьелде тIадеги, Япониялъул хIукуматалъ бокьараб мехалъ ХIаяздаса тIубанго инкар гьабизеги бегьулаян бицунеб буго баяназул хъулухъаз.

# Росдал магIишатазе гIарцулаб кумек

Инсанасул гIумруялъе бищунго хIажалъула росдал магIишаталъул нигIматал. Амма 90-абилел соназда киналго даран-базаралде руссиналъ, чIунтизе тана колхозал ва совхозал. БатIиял пачалихъаздаса росизе ккана нигIматал. Ахирал соназда гьел пайдаги хайирги дагьал нигIматалдаса дагь-дагьккун инкар гьабулеб буго, ва хIукуматалъ нилъерго улкаялъул росдал магIишаталъул суалазде кIвар буссинабуна. ЦеретIезарулел руго хутIаралниги совхозал ва «СПК»-ял, гIуцIулел руго жалго бетIергьанал магIишатал. БоцIухъанлъиялъ ва хурухъанлъиялъ кIвараб куцалда бетIер борхулеб буго. Гьезие кумекалъе ресалги ратулел руго тIадчагIаз. Гьелъул хIакъалъулъ нижее бицана росдал магIишатазул Управлениялъул бетIерав специалист ГI.ГIабдулмуслимовас.

«Дагъистаналъул хIукуматалъул гьаб соналъул апрелалда гьабураб къотIиялда рекъон, росдал магIишаталъул киналниги рахъазе пачалихъияб кумек гьабизе республикаялъул бюджеталдаса бихьизабун буго гIарцулаб сурсат. Киназего гуро гьеб щолеб: гьелъие рихьизарун руго хасал шартIал. Гьединго росулъ фермеразул магIишат рагьиялъе ва гьеб цебетIезабиялъе республикаялъ хIукуматалъ батIи-батIиял гранталги чIезарун руго. Гьезул хIакъалъулъ мухIканго цIехезе бегьула росдал магIишатазул Управлениялда. Гранталъе ва гIарцулаб кумекалъе (субсидиялъе) хIажатал документал кьезе ккола МФЦялъул районалда бугеб филиалалде».

**Д.БАТИЕВА**



## Уважаемые читатели!

В читальный зал районной биб лиотеки получили следующие новинки литературы. Желающие ознакомиться с этими изданиями, могут обратиться в читальный зал.

- Дадаев Ю.У., Дадаев К.С. "Наибы и мюриды Шамиля" -2-е изд. Махачкала, ИД «Дагестан» 2019 г., 720 с.
- Зайнулабидов М. "Свет души": Поэма - Махачкала, ИД «Эпоха» 2007 г., 188 с.
- Сулайман Аварагасул гIакъилал рагIаби. Москва., 2005 с.
- Сулейманов Габдулагь. КучIдул. "Лъукъарал сонал". МахIачхъала, 2013 с.
- Федеральный закон «О воинской обязанности и военной службе». Новосибирск: 2017 г., 64 с.
- Положение о проведении военных сборов. Новосибирск: Норматика - 2018 г., 20 с.
- Положение о порядке прохождения военной службы. - Новосибирск: Норматика, 2017 г. 71 с.
- Правила противопожарного режима в РФ. Москва; Эксмо 2019 г.
- Федеральный закон «Об опеке и попечительстве» - Новосибирск: Норматика, 2017г., 20 с.
- Устав военной полиции Вооруженных сил Российской Федерации .- Новосибирск:-Норматика, 2018 г., 80 с.
- Чижиков В.М. Социокультурные коммуникации города и села: Учебное пособие: МГУКИ, 2010 г.
- Культурология. Учебное пособие /Под ред, Р.Г.Абдулатипова., М., 2011 г., 520 с.
- Катрухский Б. Панацея от коррупции-Махачкала,2012 г., 335 с.

**Р. МухIамадхайрулаева, библиограф ЦРБ**

Районалъе нухмалъулез ва росдал магIишаталъул Управлениялъул хIалтIухъабаз, гьваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Алмасхан Алмасхановасда ва тIолалго гIага-божараздa, *эбел*

**Пари**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьей иманалда тIойитIун ятаги.

Районалъе нухмалъулез ва районалъул депутатазул Собраниялъул депутатаз зигара балеб буго МахIач Къурбановасда ва тIолабго гIагарлъиялда, *эмен*

**Хайрула**

гIумруялдаса ватIалъиялда бан. Аллагьас гьесие Алжан насиб гьабеги.




**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов **55-48-94**
**Заместитель:** Д.ХI. ГIабдулахIитова
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** Ибрагьим Идрисов, Динара ГIумарова, Асият Дибирова
**Набор:** Меседо ХIайбаева
**Верстка:** Марьям АтавхIажиева, Зайнап ГIабдулмуслимова

Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда

Типографиялъул адрес: 367032, РД МахIачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00 ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул(издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354
Тираж 1133, багьа - эркенаб

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола